ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
12 сентябрь 2024 год № 18 (562)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

**ВАЙН ПАЙХАМАР**

## ХЬЕКЪАЛЕ ЭЛЧА

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

**ЭЛЧАННА (ДЕЛЕРА САЛАМ-МАРШАЛЛА ХУЬЛДА ЦУННА) ДИЙЦАРИЙН, ЦО ЛЕЛИЙНАЧУ ГIУЛЛАКХИЙН, ЦУЬНГАХЬ ХИЛЛАЧУ IИЛМАНАН ОЙЛА ЙИЧА, ДЕШНА А ВОЦЦУШЕХЬ, ЙАЗЙАН А, ЙЕША А ХУУШ ВОЦЦУШЕХЬ, ЖАЙНАШ (КНИЖКАШ) ДЕШНА А ВОЦЦУШЕХЬ, ХЬУЬЖАРЕХЬ IАМИЙНА А ВОЦЦУШЕХЬ - ШЕКО ХИР ЙАЦАРА ИЗА МАССАРЕЛ А КХЕТАМ БОЛУШ ВУ АЬЛЧА, МАССАРЕЛ А ЧIОГIА ХЬЕКЪАЛ ДОЛУШ ВУ АЬЛЧА. ТАМАШ А БАЦ. ШЕН УММАТ НИЙСАЧУ НОВКЪА МА ДАЬККХИНА ЦО, ОЦУ УММАТАХ БОЛУ НАХ ША ДУКХАВЕЗАШ, ШЕХ БАККХИЙБЕШ, ШЕХ ДЕЛАН НОВКЪАХЬ ШАЙН СИНОШ А, ДОГIМАШ А ДIАЛУР ДОЛЧУ ХЬОЛЕХЬ КХИЪНА УЬШ ДIАХIИТТАЛЦ**

### ЭЛЧАНАН ХАЗА ГIИЛЛАКХАШ

Шех тера кхин цхьа а хир воцуш, комаьрша хилла Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): шега дехначу хIуманна цкъа а хIан-хIа аьлла дац цо. Массо а нахал комаьрша хилла иза, къаьсттина чIогIа Рамадан баттахь а волуш.

Цхьана стага шега дехча, шина ломана йуккъера жа дIаделла цо. ТIаккха оцу стага шен махка дIа а вахана аьлла: «ХIай, нах, ийман диллийша, баккъал, Мухьаммад, къоьллех ца кхоьруш, совгIаташ деш ма ву».

Масийттанна цхьацца бIе эмкал дIайелла хилла цо.

Цхьана дийнахь иза волчу деана дезткъе итт эзар дирхам (дато ахча). Черта тIе охьадиллина, иза декъа хIоьттина Элча (соллаллохIу IалайхIи ва саллама), ахча чекхдаллалц доьхушверг цхьа а вуха ца тоьхна цо.

Цхьана дийнахь Бахрейн бохучу махкара ахча деана Элчанна. Цо аьлла: «Охьадилла». Элча волчу деанчух уггаре дукха ахча а хилла иза. АллахIан Элча оцу ахчане дIа а ца хьожуш, маьждиге дIавахана. ТIаккха, ламаз дина ша ваьлча, схьа а веана, улле охьа а хиъна, шена схьа мел гиначунна дIадоькъуш хилла. Хьала а ца гIаьттина (Делера къинхетам а, маршо а хиларг), хьашто йолуш мел волчунна иза дерриге а декъна валлалц.

Цкъа цхьа зуда йеана Элча волчу. Оба а йохьуш (Iаьрбаша лелош, деакIов, цхьа Iаьржа кIади ду иза). Цо аьлла: «ХIай, Делан Элча, хIара оба тIейуххукх ас хьуна». Делера салават а, салам а хиларо схьаэцна, шена тIейуьйхина. Цунна тIехь и оба гича, цхьана стага аьлла: «Ма хаза оба йу хIара! Суна лохьа иза, хIай, Делан Элча».

«ХIахI», - аьлла, - Элчано цунна дIайелла иза, шена чIогIа хьаштйоллушехь. Элча уллера дIаваьлча, асхьабаша бехкбаьккхина оцу стаге. Цара аьлла цуьнга: «Делан Элчанна иза оьшуш йуй хууш ма вара хьо. Шега хIума йехча, цо иза дIалой хууш а ма вара хьо», - бохуш.

Цхьана зудчо духар делла хилла цунна. Дукха хан йалале цхьамма веллачунна марчонна мегар йолуш хIума йехна Элчане (соллаллохIу IалайхIи ва саллама), тIаккха цо и духар дIаделла.



### ЭЛЧА (ДЕЛЕРА САЛАМ-МАРШАЛЛА ХУЬЛДА ЦУННА) ДУКХАВЕЗАР

Ухьудан гIазотехь ансарех йолчу цхьана зудчун да а, ваша а, цIийнда а вийна хилла. Шега иштта хабар кхаьчча, холчахIоьттина, аьлла цо: «Делан Элчано хIун дина-те?» Цара аьлла: «Далла хастам бу, хьуна дукхавезаш ма хиллара ву-кха иза». Цо аьлла: «Схьагайтийша суна иза, цуьнга хьожур йара-кх со». ТIаккха шена иза (соллаллох[у IалайхIи ва саллама) гича, цо аьлла: «Берриге а бала хьо гинчул тIаьхьа жимбели-кх суна, хIай, Делан Элча».

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) эхь

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) массарел чIогIа эхьхеташ хилла. Ша эхьхеташ а, дог дика а волу дела, цо цхьаьнгга а цунна ца дезаш долу хIума олуш ца хилла.

Цуьнан эхьхетарх дара цо цхьанна а йуьхьа тIехь бIаьрг сацош цахилар. Шена ца дезаш хIума хилча, эхьах а, гIиллакхах а ца вухуш, хьахош хилла цо иза.

### ЦУЬНАН ТIЕКАРЕНАШ

Делера солават а, салам а хиларг берриге а нахал догдика хилла, массарел а бакълуьйш хилла, массарел а дика тIекаре йолуш хилла. Нах дукхабезаш хилла, уьш шех дIакъахкош ца хилла. ХIора къоман лоруш волчу стеган сийдеш а хилла цо. Цунах шен къомах жоьпалла долу, тхьамда веш а хилла цо. Шен асхьабийн терго чIогIа йеш хилла. Шеца цхьаьна мажлисехь болчарех хIораннан а лерам беш хилла цо, хIоранна а, шел чIогIа лоруш цхьа а вуй-те кхуьнан, аьлла хоьтуьйтуш.

Нахана къинхетаме да хилла ву иза. Цунна гергахь бакъонаш цхьабосса йолуш хилла уьш. Нахана йелайеллачу йуьхьаца дуьхьалкхетар долуш хилла иза, амал кIеда йолуш, берта вогIуш, тIетовш хилла, шога ца хилла. Шена ца деза аьлла, хIуманна тидам боцуш, цуьнан лерам бар доцуш, и тесна дуьтуш ца хилла цо. Шега кхайкхинчунна жоп луш хилла иза, шена делла совгIат къобалдеш а, цунна дуьхьал совгIат луш а хилла иза.

Анас бохуш волчу къонахчо аьлла: «Элчанан гIуллакхехь лаьттина со итт шарахь, цкъа а резавоцуш хIума ца аьлла цо соьга. Ас динчу хIуманна цкъа а хIунда дина ца аьлла цо, ас ца деш дитинчу хIуманна цкъа а хIунда ца дина а ца аьлла цо».

Шен асхьабашца забар йеш хилла цо, цаьрца даггара къамелаш деш хилла. Мел генахь велахь а, цомгашчунна зерат дан воьдуш хилла. Бехказа волучун бехказло къобалйеш хилла иза. Шена дуьхьалкхеттачуьнга хьалха салам луш хилла, шен асхьабашка салам луш, куьг хьалха дIакховдош хилла цо. Шена тIевеанчун лерам беш хилла, шен бедар цунна дIайаржайой, ша тIехуу цIоканан гIайба цуьнга лой, цунна хьошалла лелош хилла цо. Цхьанна а къамел хадош ца хилла цо.



### ЭЛЧАНАН (ДЕЛЕРА САЛАМ-МАРШАЛЛА ХУЬЛДА ЦУННА) СИЙЛАЛЛА

Делера солават а, салам а хиларг массарел чIогIа нийсо йеш хилла, массарел а тешаме а, цIена а, бакълуьйш а хилла, ша кхоьллинчу дийнахь дуьйна схьа. Оцу хIуманна тIехь къерахилла цуьнан мостагIий а. Иза Пайхамар хилале а, Амин (тешаме верг) аьлла цIе тиллина хилла цунна наха. Лекхаволчу Дала ма аьлла: «Хьо харцвеш бац уьш, шаьш зуламхой Делан аяташ (Къуръан) харцдеш бу» (Къуръан, 6 сурат, 33 аят).

Вуьшта аьлча, шаьш харцахьа хиларна, дегнаш чохь хьо бакъвеш болуш, меттанашца харцвеш бу уьш, бохург ду иза.

Хьарисан кIанта Надрас аьлла къурайшийн нахе: «Мухьаммад ша жимаволуш дуьйна а шул массарел бакълуьйш вара, шул массарел тешаме вара, цуьнан къоьжа гиччош шуна галлалц. Делан омранца иза Пайхамар хилла веача, аш бозбуанча ву элира цунна. ХIан-хIа, ВаллахIи, бозбуанча ма вац иза».

Абу-ТIалибан кIанта Турпал-Iелас дийцина, иза массарел а бакълуьйш вара бохуш. Цхьаьнгга а кхечо динчу хIуманна бехкбоккхуш ца хилла Делан Элчано. Ша волчу мажлисехь массарел а сийлахь хилла иза. Вист ца хуьлуш Iар дукха хилла цуьнан, гIуллакх доцуш къамел деш ца хилла цо. Цуьнан велар - къажар хилла, цуьнан къамел - хьукма (сацам бар) хилла, иза цхьаьна волу мажлис (кхеташо) эхьбехк долуш, тешам болуш, беркат долуш, кIеда-мерза мажлис хилла. Лекхаволчу Дала кхиийна иза, Цо дика а кхиийна иза. Шен дашехь хаста а вина Цо Мухьаммад: «Баккъал, Хьо ма ву сийлахь доккхачу гIиллакхца», - аьлла (Къуръан, 68 сурат, 4 аят).

### ЦIАНО ЙЕЗАР

Пайхамар (Делера къинхетам, маршо хуьлда цунна) волчу цхьа стаг веана. Хьирчина, ченах йуьзна маж а, коьртара месаш а йолуш хилла иза. Пайхамара омра дина цуьнга, месаш кепе йалайе, аьлла. Цо аьлларг дина, йухавеана и стаг. Пайхамара аьлла тIаккха: «Хазадерг хIара дац, шух цхьаъ корта (месаш) гIаьттина вогIучул, ша шайтIа долуш санна?» ТIехь боьха бедарш йолуш стаг гина Элчанна (соллаллохIу IалайхIи ва саллама). Цо аьлла тIаккха: «Шен бедар йитта хIума ца карош ву-те хIара?» Элча (IалайхIис-солату вассалам) низам дезаш, цIано йезаш хилла. Хаза куцкеп дезаш хилла, хаза хьожа йезаш хилла. Низам дацар а, хатI цахилар а, мода а, вон хьожа а ца йезна цунна.

Ислам-дино вай кхойкху дегI а, дог а цIена хиларе, бедарш а, хIусамаш а, некъаш а цIена латторе. Иза дуьхьал ду боьха хиларна, гIаланашкахь а, йарташкахь а нехаш урамашка аракхийсарна.

Ислам-дино тахана кхайкхош йолу цIано дейтта бIе шо хьалха дуьйна схьа кхайкхош йу.

### ЭЛЧАНАН (ДЕЛЕРА САЛАМ-МАРШАЛЛА ХУЬЛДА ЦУННА) IАМАЛ

Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лаккхара масал хилла шен вахарехь, шен дахаран хьаштана даггара Iамалйеш хилла цо. Шен дегIаца а, дагца а, сица а Далла тIе воьрзуш хилла иза, Цунна Iибадат дан ша дIахIоьттича, Лекхаволчу Делан дашо бохург деш: «Ахь лаха Дала хьайна деллачуьнца (хьолаца) эхартан цIа (Дела реза волчу хIумнаш тIехь харжйеш), дуьненах хьайн дакъа а диц ма де (шена чохь эхартан Iамал йан). Нахана дика а хила (сагIа даларца), Дела хьайна дика ма-хиллара» (Къуръан, 28 сурат, 77 аят).

Шен бусалба умматана дика хьехар дина цо шен дашехь: «Хьайн дуьнен Iамал йе, хьуо даима вехар волуш санна, хьайн эхартан Iамал йе, хьуо кхана лийр волуш санна», - аьлла.

Исламо кхайкхам бо, дуьненна а Iамал йе, эхартана а Iамал йе, бохуш. ХIокху буха тIехь толам баьккхина бусалба наха Исламан йуьхь йолалуш, Iаламан баьччанаш хилира царех ойланашкахь а, Iамалшкахь а.

*С. Муртазаев*

**ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ**

### 2-гIа агIо

#### ГIИЛЛАКХАШ

«283. Лекха волчу АллахIан цIе йаккхар сий-ларам беш дазде, айхьа и мосазза йаьккхи, «Iазза ва жалла» (доллучунна ницкъ кхочуш а, Сийлахь-Воккха а ву Иза) санна дерг ала.

284. Элчанан цIе йаккхар, сий-ларам беш, дазде, айхьа и мосазза йаьккхи, «IалайхIис-салату вассаламу» (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) ала.

285. Лекха волчу АллахIан эвлайааш хьахор, сий-ларам беш, дазде, гIиллакхца хьахабе уьш, «РадыяллахIу IанхIум» (Дела реза хуьлда царна) ала.

286. Эхье хила, эхь доцуш хиларх ларло, эхьо диканиг бен ца дохьу.

287. Нахаца, церан хьекъале хьажжий, къамел де.

288. ГIиллакхе воцуш а, аларехь а, леларехь а оьзда воцуш а ма хила.

289. Хаза гIиллакх долуш хила, нахалахь уггар диканиг – гIиллакхаш хаза дерг ву, хьуна.

290. Хьайн оьгIазло дIайаккха, дералла эшайе.

291. Къинхетаме, собаре, кIеда-мерза хила, луьра а, сиха а ма хила.

292. Велалой, векхалой, къамел хаза долуш хила, кхоьлина ма хила.

293. Кхечун къамел хада ма де – терго йеш, ладогIа цуьнга.

294. Шу кхоъ велахь, цхьаъ йуьстах вуьтуш, вукхуьнца къамеле ма вала.

295. Хьайна вевзачуьнга а, цавевзачуьнга а маршалла хатта...»

### 3-гIа агIо

#### ДАЙМАХКАЦА КЪАМЕЛЕВИЙЛИНАРГ

«Доггаха а, шен меттахь а аьлла Дош ницкъ болуш ду. Цуьнан ницкъ бу: цхьаъ бен воцу кIант а велла, тийжаш йоьлхучу ненан дог хьаста. Цуьнгахь гIора ду, гIайгIано, сингаттамо хьаьшна, хеназа къежйеллачу йишин йуьхь йекхайалийта. Цо, малхо башо буто бина ша санна, босту сингаттамо дагна бина шийла шад. Ницкъ бу цуьнгахь, бIешераш хьалха говзачу пхьераша куц-хаза йоьттина бIаьвнаш херцо, йохо, ата. ГIора ду цуьнгахь: ваша вешех къасто, халкъ дохо, мостагIалла даржо, сийначу цIергахь Латта даго, шовданаш лакъо. Ницкъ бу цуьнгахь: доттагIалла, гергарло, уьйр-марзо, вошалла, маслаIат чIагIдан. Дош моз ду, Дош стим бу. Нохчийн Дешан, Меттан а говзанча, охIла а хилла ца Iаш, шен деган цIеналлица, къинхетамца адамашна орцахвуьйлуш, церан къинна воьлхуш, нехан гIайгIанаш, баланаш, сингаттамаш шен а бина, ваьхнарг ву нохчийн халкъан поэт Сулейманов Ахьмад. Цундела дика йевза Ахьмадан цIе нохчийн литературица, историца, фольклораца, мукъамашца кIеззиг а бала болчунна...»

### 4-гIа агIо

#### В ГОРОДЕ АРГУНЕ ЧЕСТВОВАЛИ ВЫПУСКНИКОВ МЕДРЕСЕ

«Основным звеном системы мусульманского просвещения является образовательная деятельность, проводимая на уровне мечети. Ведь именно в мечеть приходят люди, стремящиеся получить информацию об Исламе. Обучение Исламу при мечетях проходит в разных формах - это курсы арабской графики, курсы Корана, есть мечети, при которых образованы медресе и т.д.

Двадцать первого августа текущего года в мечети имени Аймани Кадыровой города Аргунатсостоялась торжественная церемония вручения Свидетельства об окончании курсов по чтению Священного Корана воспитанникам примечетских медресе городского округа город Аргуна. Мероприятие было приурочено к 73-й годовщине со дня рождения Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова.

Первый Президент ЧР, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров был глубоко верующим, известным религиозным деятелем, мудрым политиком и мужественным человеком. Непоколебимая вера во Всевышнего Аллаха, глубокое знание Священного Корана и сунны Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) помогли Ахмату-Хаджи Кадырову собрать под знаменем справедливости тысячи отважных сынов чеченского народа. Его лозунгом были известные сегодня во всем мире слова: «Пусть восторжествует справедливость!». Он сделал все для того, чтобы остановить войну, сохранить народ, начать процесс восстановления мира и стабильности в Чеченской Республике. Он отдал свою жизнь в борьбе с коварными врагами Ислама, чеченского народа и всей России...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

МЕХАПА ХЬЕХАМАШ

# ГIИЛЛАКХАШ

*Йуьхь йеша хIокху шеран 8-чу августехь арадаьллачу 15-чу (559) номерехь.*

283. Лекха волчу АллахIан цIе йаккхар сий-ларам беш дазде, айхьа и мосазза йаьккхи, «Iазза ва жалла» (доллучунна ницкъ кхочуш а, Сийлахь-Воккха а ву Иза) санна дерг ала.

284. Элчанан цIе йаккхар, сий-ларам беш, дазде, айхьа и



мосазза йаькккхи, «IалайхIиссалату вассаламу» (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) ала.

285. Лекха волчу АллахIан эвлайааш хьахор, сий-ларам беш, дазде, гIиллакхца хьахабе уьш, «РадыяллахIу IанхIум» (Дела реза хуьлда царна) ала.

286. Эхье хила, эхь доцуш хиларх ларло, эхьо диканиг бен ца дохьу.

287. Нахаца, церан хьекъале хьажжий, къамел де.

288. ГIиллакхе воцуш а, аларехь а, леларехь а оьзда воцуш а ма хила.

289. Хаза гIиллакх долуш хила, нахалахь уггар диканиг – гIиллакхаш хаза дерг ву, хьуна.

290. Хьайн оьгIазло дIайаккха, дералла эшайе.

291. Къинхетаме, собаре, кIеда-мерза хила, луьра а, сиха а ма хила.

292. Велалой, векхалой, къамел хаза долуш хила, кхоьлина ма хила.

293. Кхечун къамел хада ма де – терго йеш, ладогIа цуьнга.

294. Шу кхоъ велахь, цхьаъ йуьстах вуьтуш, вукхуьнца къамеле ма вала.

295. Хьайна вевзачуьнга а, цавевзачуьнга а маршалла хатта.

296. Маршалла хоттуш суннатехь дерг ала, иза «Ассаламу Iалайкум» (дуьненан а, эхартан а балех маршо хуьлда шуна) бохург ду, хьуна... гайтарна бен, куьйгаца йа коьртаца уьшар ма йе.

297. Нах хьайна хьалагIиттар дезаш ма хила.

298. Боьршачу нахе куьг лацарца маршалла хатта, баккъал а цуьнца къиношна гечдар ду хьуна.

299. Айхьа пурба а дехна, тIаккха хьайна бакъо йеллачул тIаьхьа бен, цхьаьннан а хIусамчу ма гIо.

300. Шпионалла ма леладе, ахь ладогIар ца дезаш болчу нехан къамеле ла ма догIа.

301. Нахах дIаэрехь хьан динна эшам хуьлуш белахь, цхьа (ша) валар тIехь ду, хьуна.

302. Лекха волчу Делан дуьхьа бен цхьа а дIа ма таса.

303. Барт эгIарх а, мостагIалла лелорх а ларло.

304. Цхьанна а лен ма ле, цхьа а сийсаз а ма ве.

305. Цхьанна а наьIалт ма ала: йа дийнаташна а, йа садоцчу хIуманашна а.

306. Нахана эладита кхолларх а, церан сий дайарх а ларло – баккъал а, иза уггар даккхийчарах къа ду, хьуна.

307. Бусалба кхера ма ве, цунна зен а ма де.

308. Нахана йуккъехь маслаIат де, (ишттачу меттехь магийна долу) пуьташ боттарца дай а.

309. Хьайга бехк цабиллар доьхуш цхьаъ велахь, цуьнан бехказло къобал йе, мелхо а, и бехказвалале хьалха, айхьа цунна бехказло лаха.

310. Цхьанна а харц цIе ма тилла, цуьнца цуьнга кхайкха а ма кхайкха, мелхо а, цIерех цунна уггар дукхайезаш йерг йаккха.

311. Варийлахь, намимат ма леладелахь, иза – нахана йукъара барт бохош, моттэладита лелор ду, хьуна.

312. Варийлахь, гIийбат ма делахь, иза ахь хьайн бусалба вешех лаьцна цунна дезаш доцург т1аьхьашха дийцар ду, хьуна.

313. Цхьа а йемал ма ве, цхьа а йуьхьIаьржа а ма хIоттаве.

314. Дийца ца мегаш долчуьнга ла а ма догIа.

315. Дийца а, ладогIа а хьарам дерг йаз а ма де.

316. Нахах дика ойла йолуш хила, баккъал а, ойланах цхьайерг къила вуьгуш йу, хьуна.

317. Диканиг ала, ца алахь, вист ма хила.

318. ДогцIена хила – хьогIе а, оьгIазе а ма хила.

319. Эсала хила, цхьанна а куралла ма йе, дозалла а ма де.

320. Хьуо-хьайх а, айхьа дечух а воккхавеш ма хила.



321. Айхьа-хьайн хеста ма ве, хьайгахь доцург ду а ма ала.

322. Бакъдерг ала, хьайна дуьхьал иза делахь а.

323. Харц ма ле, баккъал а, харцлер уггар даккхийчарах къа ду, хьуна.

324. Ши йуьхь йолу шалхонча ма хила: кхарна – цхьана йуьхьца, вукхарна – кхечу йуьхьца вогIуш.

325. Лекха волчу АллахIах бен дуй ма баа. Бакъонца белахь а, дуйнаш дукха ма баа.

326. Цхьаннах а ца вешаш ма хила, баккъал а, цхьанна а кхечунна хьалха сийлалла йац, хьуна, Делах кхерарца бен.

327. Некъахочунна цатам беш йолу хIума новкъара дIайаккха.

328. Некъаца а, кафеш чохь а хиъна ма Iе, самукъа даккхаран хIусамашкахула а ма лела.

329. ЧIагIо кхочушйе, йоха ма йе, тешнабехк ма бе.

330. Хиндерг дуьйцучарна а, пал туьйсучарна а тIе ма гIо, царах теша а ма теша – Iамал йовр йу хьан.

331. Адаман а, дийнатан а сурт ма дилла, баккъал а, Къемат-дийнахь уггар чIогIа шайна Iазап хиндерш садолчу хIуманан сурт дуьллуш берш бу, хьуна.

332. Нардех а – муьлххачу а жIаккешца (игральные кости) долу ловзар – цунах тера самукъа доккхучу ловзарех а ма ловза.

333. Синкъерамашка а, вотанан биста кхаччалц, музыкин гIирсашка а ла ма дегIа, и гIирсаш гулбарх а ларло.

334. Iесачу нехан а, телхинчу нехан а иллеш ма ала, цаьрга ла а ма дегIа.

335. Кхокхий лоьхкуш ма ловза.



336. Зарзар а (соловей), и санна дерг а цIаьлга чу ма долла.

337. Пенаца гуо лаьцна боцчу тхов тIехь охьа ма вижа.

338. Бертал охьа ма вижа.

339. IиндагIний, малханий йуккъехь хиъна ма Iе.

340. Айхьа бага гIитточу хенахь, бага схьа ма йелла, хьайн аьрру куьг духахьара дуьхьал лаца цунна.

341. Бага гIиттош а, хьоршам тухуш а, Iуп боккхуш а хьайн аз айа ма де.

342. Хьоршам тоьхначуьнга, цо «аль-хьамду лиллахIи» (хастам Лекха волчу АллахIна бу) аьлча, «ярхьамукаллахIу» (АллахIа къинхетам бойла хьох) ала, цо хьуна «яхIдийкумуллахIу ва йуслихьу балакум» (АллахIа нисдойла шу, шун хьал а тодойла), аьлла жоп лойла.

343. ХIуманехь вон билгало гуш ма хила, болх Лекха волчу АллахIера бен ма лара.

344. Горгали а, жIаьла а талларна йа хадарна бен ма леладе.

**ЧАККХЕ**

345. Дуьненах йухаозало, эхарт дезаш хила.

346. Дуьненах хьайна тоьаш долчул совдерг схьа ма эца – къейелла хIума санна хьайна хьарамйерг оьцур йу ахь.

347. Летийначу дерриге а къиношна тоба дан сихо йе, вон долчунна тIаьххье диканиг де, и дIадойур ду цо. Тобадар а, диканиг дар а тIаьхьатеттарх ларло. Кхузахь дуьйцуш дерш кегий къинош ду. Даккхийчу къиношна хьакъ долччу кепара тоба дан деза, шена тIехь нехан хьакъ долчо иза йухадерзо а деза.

348. Хьайн тоба, айхьа диначунна дохковаларца а, и кхин йухадолор дац аьлла чIагIо йарца а, Деле гечдар ду-кха дехарца а, ламазах а, закатах а, марханех а, цаьрга терра долчух а хьайн даза диснарг доьхкуш дан сихо йарца а кхочушде... хьайна тIехь долу декхарш дIадаларца а, хьо жоьпаллехь волчух жоп даларца а.

349. Хьайн ма-хуьллу Iибадат дарна тIеверза, муьтIахь хиларца Далла герга гIо.

350. Дика Iамал йар совдаккха, къаьсттина нах телхинчу заманахь.

351. Гуттар дика Iамал йеш хила, баккъал а, Лекха волчу АллахIана уггар дукхайезна Iамал гуттарлераниг йу, иза кIезиг йелахь а.

352. Дуьненна гIайгIане ма хила, къоьллех ма кхера, Делаца таваккал дай хама бе цуьнан, баккъал а, къоьлла дикачу нехан билгало йу, хьуна.

353. Дала хьайна деллачунна реза хила, оьгIаз ма эха.

354. Нехан карахь долчух дог дилла – нахана везар ву хьо, догхьоле а хир ву хьо.., дуьненахь суьпа мурид хила – Далла везар ву хьо.

355. Динан балхехь хьайл ледара волчуьнга ма хьежа, хьайл дика волчуьнга хьажа.

356. Дуьненан балхехь хьайл тоьлаш волчуьнга ма хьежа, хьайл эшна волчуьнга хьажа.

357. Хьанал дерг лаха, баккъал а, фарзал тIаьхьа лардан дезаш фарз ду, хьуна, иза.

358. Лачкъийнарг ма йаа, цуьнан къинехь декъахо хир ву хьо.

359. Хьайн йуург тойе (хьанал йерг йаа) – доIанна (дехарна Дала) жоп луш хир ву хьо.

360. Тамехь дерг дууш, тамехь дерг охьадуьллуш болчу накхармозанах тера хила.

361. Хьайна а, хьарам долчунна а йуккъехь хьанал долчух дуьхьало йе.

362. Хьайн мотт ларбе, хьайх Iотталуш доцучохь къамел а ма де... баккъал а, иза бусалба стеган динан хазаллех ду, хьуна.

363. Тешаме хила, тешам боцучун дин а дац хьуна.

364. Лекха волчу АллахIах кхерар чIогIа долуш хила, варийлахь, Цунна тIехь майра ма валалахь.

365. Лекха волчу Дала хьайна гечдаре а, Цуьнан къинхетаме а догдохуш хила, Делаца (Веза-Сийлахь а ву Иза) йолу хьайн ойла а тойе.

366. Балина собаре хила, диканна баркалле хила.

367. Бохамна дагахьбаллам болуш ма хила, дIадаьллачу дуьненан хIуманна гIайгIане а ма хила.

368. Туьтеш, чIуг уьш санна йерг а, дарбанна, йа вочух ларвала тIе ма охка, баккъал а, иза ширк ду, хьуна, шарIо магийна долчу, доIанех а, айатех а лаьтташ долу рукъйаташ бен ма леладе.

369. Цамгаршна дарба лаха, баккъал а, лазар доссийначо (Веза-Сийлахь ву Иза) дарба а доссийна.

370. АллахIан дуьхьа бусалбанаш безаш хила – АллахIана везар ву хьо.

371. Цомгашчаьрга хьажахIотта гIо, церан самукъадаккха, лазаран бала байбе, сингаттаме ойла йукъахйаккха.

372. Цомгашчаьрна, уьш дуьхьал боцуш а, могашалла йоьхуш доIа де.

373. Хьайна карадеана рицкъ делахь, цунна йаздина весет долуш бен буьйса ма йаккха.

374. Валарна кечло валар хьайга кхачале хьалха.

375. Дуьненан марзонаш хедош долу валар дукха хьехаде.

376. Докъа-ламазаш де, барамна тIаьхьа а гIо, кешнашка зерате а гIо, валаран ойла а йе.

377. Веллачун доьзална йуург кечйе – баккъал а, уьш мукъаза бийриг ду цаьрга кхаьчнарг.

378. Кешнаш тIе охьа ма хаа, иза а, беллачийн даьIахкаш кегйар а кхечарна а дехка.

379. Кешнаш кеч ма де, царна тIехь гIишлош ма йе.

380. Веллачунна къинхетам боьхуш доIа де, цуьнан дикаллех хьайна хууш дерг хьахаде. Беллачарна лен а ма ле, баккъал а, уьш шаьш хьалхадаьккхинчуьнга дIабирзина, иза дийна болчарна (верасашна) цатам беш ду.

381. Беллачарна тIехь тийжарх ларло, кхиберш а цунах ларбе.

382. Хьайн зударий, цIийнда воцчунна, кхаа дийнал тIех Iаьржа дуьйхина ма лелийта.

383. Зуламхойн кешнашна а, церан хIусамашна а, цаьрга беанчу балина а, гIопал хилий, тидамзаллица тIех ма вала.

384. Хьайл тIаьхьа вон лар ма йита: музыкин гIирс а, тиларе кхойкхуш долу жайна а (киншка) и санна дерг а.

385. Веллачул тIаьхьа а хьайна мел хир болу дика Iамалш алсамйаха, маьждигаш дарх а, Iилма даржорах а теранаш.

386. Делах кхоьруш хила – Делан эвлайаэх хир ву хьо.

387. Кура ма хила – Делан лайх уггар вониг хир ву хьо.

388. Лекха волчу Деле йалсмани йеха, цуьнга жоьжахатех ларвар а деха.

389. Делан шарIаца Iамал йеш верг вевзаш хила, хIара весеташ кхочушдеш цунна накъосталла а де.

390. Хьан дешнех уггар даггарниг а, тIаьххьарниг а «Ла илахIа иллаллахI» (АллахI воцург кхин Дела вац) хуьлийла.

Амийн, валь-хьамду лиллахIи РаббильIаламийн, вас-салату вас-саламу Iала саййидина Мухьаммадин ва Iала алихIи ва сахьбихIи ажмаIийн.

*С. Муртазаев*

НАШИ ГЕРОИ

## ХУТИЕВ МУСОСТ (1956 – 2009)




Хутиев Мусост Мустаевич родился 23 сентября 1956 года в Казахской ССР. В 1957 году семья Хутиевых вернулась на Родину.

Мусост окончил среднюю школу № 3 в городе Аргуне. Затем по призыву отправился в Советскую Армию.

После армии, окончив Школу милиции, Мусост устроился на работу водителем.

У него было две жены, первый раз он женился в 1979 году, во второй раз – в 1986 году. Он стал отцом четырёх детей.

В 1994 году по приказу Бориса Ельцина на территорию Чечни вторглись федеральные войска. Мусост воевал против федералов в отряде ополчения. Он собрал отряд из 200 человек и воевал до конца первой кампании. В период перемирия между Москвой и Грозным Мусост командовал отрядом шариатской безопасности в Аргуне, боролся с наркодельцами и работорговцами.

Во вторую чеченскую кампанию Мусост выступил с отрядом из 150 человек. Отряд достаточно успешно отражал атаки федеральных сил, штурмовавших Грозный. Из Грозного полевой командир Мусост Хутиев ушел одним из последних, потеряв в уличных боях около 50 бойцов. При выходе из Грозного группа Мусоста напоролась на минное поле в окрестностях селения Алхан-Кала, и отряд вновь понес серьезные потери.

Спустя некоторое время стало очевидным, что эта война ведет чеченский народ в пропасть. Полевые командиры из различных стран, которые, в отличие от рядовых воинов-чеченцев, преследовали свои корыстные интересы, как пушечное мясо бросали отважных молодых чеченских парней в пекло, где их ожидала бессмысленная гибель.

Народ был расколот, кругом царили хаос, несправедливость и смерть.

И в этот тяжелый для народа период избавителем и спасителем стал Лидер народа Ахмат-Хаджи Кадыров (Дала гIазот къобалдойла цуьнан!).

Ахмат-Хаджи Кадыров сумел вразумить и воссоединить народ и, собрав вокруг себя настоящих патриотов чеченского народа, начал непримиримую борьбу за жизнь и мир в Чечне против международного терроризма, суть которой вскоре стала очевидной и для всего народа.

Когда Ахмат-Хаджи объявил амнистию, Мусост и его группа вернулись домой, они были в числе первых, кто встал на путь спасения чеченского народа. После своего амнистирования Мусост призвал сделать то же самое остальных боевиков.

Он возглавил Службу безопасности Ахмата-Хаджи Кадырова в городе Аргуне. Со слов коллег и друзей, он всегда был верен своему слову. Во всем руководствовался совестью и справедливостью. Родные гордились и любили его. Он был очень жизнерадостным и оптимистичным человеком. Свято верил в наше дело, верил в то, что будущее будет безоблачным, и всеми силами стремился, чтобы все было именно так. На жизнь Мусоста неоднократно покушались члены НВФ.

Он никогда не просил для себя ничего, готов был прикрыть собой тех, кто находился рядом.

Мусост занимал должность помощника первого вице-премьера по силовому блоку Чеченской Республики.

Хутиев Мусост погиб 8 июня 2009 года вечером в Аргуне возле территории торговой базы, когда направлялся к дому одного из своих знакомых. Бандиты подло обстреляли его из-за угла.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

## БЛАГОСЛОВЕННЫЙ РАБИУЛЬ-АВВАЛЬ

Благословенный Рабиуль-Авваль – прекрасный месяц для верующих, чтобы приумножить свою любовь к Посланнику Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) и поближе ознакомиться с его славным и великим жизнеописанием.

Для верующих наступил прекрасный период вспомнить те прекрасные качества, которые вобрал в себе любимец Аллаха (мир ему и благословение Всевышнего) и ощутить те героичнские моменты из его благословенной жизни, в которых он доводил слово Божье.

*Ахмадова Зарема*



ПОЭЗИ

# ДАЙМАХКАЦА КЪАМЕЛЕВИЙЛИНАРГ

Доггаха а, шен меттахь а аьлла Дош ницкъ болуш ду. Цуьнан ницкъ бу: цхьаъ бен воцу кІант а велла, тийжаш йоьлхучу ненан дог хьаста. Цуьнгахь гІора ду, гІайгІано, сингаттамо хьаьшна, хеназа къежйеллачу йишин йуьхь йекхайалийта. Цо, малхо башо буто бина ша санна, босту сингаттамо дагна бина шийла шад. Ницкъ бу цуьнгахь, бІешераш хьалха говзачу пхьераша куц-хаза йоьттина бІаьвнаш херцо, йохо, ата. ГІора ду цуьнгахь: ваша вешех къасто, халкъ дохо, мостагІалла даржо, сийначу цІергахь Латта даго, шовданаш лакъо. Ницкъ бу цуьнгахь: доттагІалла, гергарло, уьйр-марзо, вошалла, маслаІат чІагІдан. Дош моз ду, Дош стим бу. Нохчийн Дешан, Меттан а говзанча, охІла а хилла ца Іаш, шен деган цІеналлица, къинхетамца адамашна орцахвуьйлуш, церан къинна воьлхуш, нехан гІайгІанаш, баланаш, сингаттамаш шен а бина, ваьхнарг ву нохчийн халкъан поэт Сулейманов Ахьмад. Цундела дика йевза Ахьмадан цІе нохчийн литературица, историца, фольклорица, мукъамашца кІеззиг а бала болчунна.

ДІадаханчу бІешеран 60-70-чуй шерашкахь цхьа шатайпана чулацам, мукъам а болу иллеш дІаолура Нохч-ГІалгІайн Республикерчу гІаланашкахь, йарташкахь, кІоташкахь. Цаьрга лерина, бІаьргех хиш ледаш, ладоьгІура кхойтта шарахь ГІум-Азин арахь шайн лаьмнашка, аьрцнашка, Іаннашка, ирзошка, шовданашка гІийла сатуьйсуш, хеназа къежбеллачара, шайн дайша геналлехь сатийсина Даймохк хІинцца бен цагинчара а, цабевзинчара а. Адамийн синойх, исбаьхьачу Іаламах а, шен ненах бер санна, хьерчара Поэта Даймахка ша вухавирзича, дагна кхаъ а хилла, даьхна иллеш. Уьш дІаолура телевиденехь, радиохула, синкъерамашкахь, белхешкахь:

Сан дин, сой - шиъ,
дарцо гІорош,
Шело даге кхийдайо, –
Хьеше кхойкхуш,
цхьанна-м корехь
ГІийла серло еттало…

Уьш халкъо тІеийцира, ша даьхна, ша кхоьллина иллеш санна. Дешнаш а, мукъам а дагна товш, лерсинна аьхна, синна гергара болу дела. Ахьмад Поэт хилла ца Іара, Ахьмад нохчийн Меттан охІла а, Дешан говзанча а вара. ХІора а дашна чу шен са дуьллий, и дош ладугІучийн лерса хьостучу мукъамехь дІакхачо хаьара цунна. Дикачу иччархочун тоьпан хІоъ санна, Ахьмадан Дош а кхочура Іалашоне: лерсине, сине. Делахь а, ша аьллачух тоам а бина, шашена реза а хилла, сецна вацара иза, ала деззачохь бен ша Дош ца аьллехь а.

Цунна исбаьхьа васт хІотталора, хаза сурт кхоллалора дашца. Масех дашца. Предложеница. Доццачу къамелехь:

«Суна лаьара, иччархочух ларбалархьама, генна дІакхарстийна сирла бІаьрг ойлане баьллачохь сецна, ламанан лекхачу тарха тІехь, кур аркъалтесна, лаьттачу курачу хьехе бІаьргтоха. Оцу семачу хьехана, тебна, улле а вахана, дегІ лардеш, пха тоьхна, маІанах шотха доккхуш, иза къахкийна, дуьнен чохь шел сема хІума дуйла цунна хаийта» («Ненан бІаьрхиш» дийцар).

Поэта шен а, ладугІучийн а синош мелла а паргІатдоху, кІеззигчу ханна кхочуьйтий а синошка маршо кхочуьйту, дегнаш чу къинхетам а боссабой, къизалла дІайоккху:

«Суна лаьара, ламанан лечано ижонна моха йуьллуш ган, цуьнан ирачу мІараш йуккъехь дала са легашка кхаьчча жима олхазар хьаладолуш ган» («Ненан бІаьрхиш»).

Ша олучу Дашехь аз дахдар йа дацдар, садаІар а дара Ахьмадан ша ала леринчу Дашна чуйуьллучу шовкъе, амале а хьаьжжина. Иллийн, эшарийн а санна, массо къаьмнийн меттанийн а шайн-шайн мукъам буйла хуучу Ахьмада сий-ларам, тІалам, пусар а дора Дешан.

Цундела цо дуьйцу шира дийцар («Пхьармат») дара шен мукъамехь, предложенешкахь дІанисдина, совнаха дош доцуш, диллинчу суьрто санна, дерг мадарра гойтуш: «Тембоцу Орга мокхачу, шийлачу тулгІенашца даккхийчу тІулгех шен шога мотт хьоькхуш, догІу…»

Ахьмадан къамелехь, дийцаршкахь коьртачу а, коьртазчу а дашна билгалйаьккхина шен-шен меттиг хуьлура. Церан меттиг цо билгалйоккхура дош чІогІа йа меллаша аларца, йуьхь тІехь хийцаваларца йа куьйгаэшара. Цунна дика хаьара: аьлла даьллачу дашна тІаьххье муьлха дош ша ала лерина ву. Иштта дешан хама-пусар дечу Поэтан хІора а илли, йиш, мукъам халкъан синах кхетта ца Іаш, цунах хьаьрчара. ЛадугІучийн синойн бІов-иллеш хуьлий, уьш дІа а хІуьттура.

Хьаша-да везаш тІеоьцу вайнехан хІусамнана, хьомсара шен деган эла, доттагІалла, безам, тешам хестош, шен цІеначу сица цо даьхна а, дІаьлла а исбаьхьа-хаза иллеш – «Ламанан хьостанаш» – шайн оьмар йеха йолуш ду.

Жима, къона а волуш, хазахетарца ладоьгІура ас Ахьмадан иллешка. Баккхийчара цаьрга ладоьгІуш хІоьттинчу башхачу тийналло цхьа шатайпанчу озаца, узамца тІаьхьара олуш санна хеталора. Суна оцу хенахь Ахьмад ца вевзара. Хаза-м хезнера: «И иллеш даьхнарг Олхазар-КІотарахь вехаш-Іаш а, ишколан директор ву», - олуш. ТІаьхьо кхечира соьга Поэт, илланча, гочдархо, хьехархо, фольклорист Ахьмад вовзаран ирс. Иза а ларамза нисделира, дагахь а доцуш.

НГІПУ-н №І йолчу («Минуткехь») студентийн йукъараІойлехь «Суна деза хьо, дахар!» цІе йолчу клубехь тайп-тайпана кхолларалин суьйренаш вовшахтухура дІадаханчу бІешеран 70-чу шерашкахь. Оцу суьйренашкахь дакъалецира поэташа: Н. Музаевс, М. Дикаевс, Ш. Арсанукаевс, І. Яричевс; артисташа – М. Эсамбаевс, М. Айдамировас, С. Магомедовс, В. Дагаевс, І. Усмановс; театран актераша: Я. Зубайраевс, Н. Хаджиевас, Р. Гичаевас, Д. Омаевс, кхечу кхолларалллин адамаша а. Иштта цхьана рогІерчу цхьаьнкхетаралле хьаша кхайкхар суна а, Юнусов Хьамзатна а тІедиллира клубан декъашхоша. ШолгІачу дийнахь (І975 шо) Ахьмад хьошалгІа кхайкха Олхазар-КІотара вахана тхойшиъ, ишколерчу кабинет чохь цуьнца къамелаш деш, самукъадаьлла, дуккха а Іийра. Тхойшиъ университетехь нохчийн мотт, литература а Іамош вуйла хиъначу Ахьмада, самукъадаьлла, дехха къамел дира нохчийн маттах а, фольклорах а, цхьадолу дешнаш схьадовларан къайленаш йовзуьйтуш. Шен куьйгайозанаш тІехь долу масех кехат схьаэцна, цхьайолчу йарташна гондаха йолчу меттигийн цІерш а йовзийтира тхуна. Цуьнан тІаьхьо арайаьллачу «Топонимия Чечено-Ингушетии» книгийн агІонаш хиллера уьш. Жимачу кабинет чохь – дуккха а книгаш, зорбатуху машинка, куьйгайозанаш, поэтаца М. Мамакаевца цхьаьна даьккхина сурт, стол, гІанташ.

Оха шена тІедаьхьнарг, къобалдеш, тІеэцначул тІаьхьа, Ахьмада йуха а хьошалгІа даккар тІе а дуьллуш, автобусан социйле кхаччалц новкъаваьккхира тхойшиъ. Студенташа чІогІа сатийсина суьйре тІекхечира. Чоь йуьззина гулбеллачу студенташа Іаламат лерина ладугІура Ахьмада йоьшучу стихашка, дуьйцучу ширачу дийцаршка. Эсала, аьхна, исбаьхьа-хаза буьйцучу нохчийн матто, оцу маттаца цхьаьна мукъамехь тІаьхьара локхучу дечиг-пондаро а цхьаъ бен воцчу кІант веллачу «Ненан бІаьрхиш» совцош, теш хилира шайн охьаоьху бІаьрхиш совцо ницкъбоцу кегийрхой. Меллаша, гІийла, шабарщца, халла бен ца хезаш, дІадолийра Ахьмада шен дийцар:

«Цхьалхха цхьа кІант вара къеначу ден, ненан. Дукхавезаш, Іалашвора цара шайн кІант. КІант кхиъна ваьлча, нуьйран гІирссий, тІемалочун барзаккъий кечдира дассий, нанассий шайн кІантана…».

Дийцарца цхьаьна локхучу пондарх схьадуьйлучу къорачу а, зевнечу а аьзнех дІауьйра Ахьмадан дийцарх схьакъеста къора а, зевне а аьзнаш. Иштта дийцар ца дийцина, дечиг-пондаран аз шен къамел тІе а дузуьйтуш, цул хьалха а, йа цул тІаьхьа а, цхьана а дийцархочо. Иза, цуьнан бен доцу, похІма дара. ПохІме а, халкъана йукъара схьаваьлла, халкъо дика тІеэцна а поэт вара Ахьмад. Дешан комаьршо, синцІеналла йара цуьнан массо а байтехь. Мукъамчаша дукха къахьега ца оьшуш, аьзнаш ага а, дешнаш нисдан а ца оьшуш, шаьш а лекхалуш йара поэтан байташ. Меллаша, хІора а дош къастош, доггах йоьшура Ахьмада цІеначу, хазачу нохчийн маттахь ша даггара йазйина байташ:



Адамийн хьашташна
Іуьйренца гІоттий,
Малх кхетале хьалха
Воьдура со,
ГІуллакхдар ца хилча,
Хуьлуш син гатто,
Со вецаш, дІадаха
Сан кхузткъа шо.

И дешнаш, йаздархьама йаздина доцуш, алархьама аьлла а доцуш, ша дахарехь ма-хиллара, ша диннарг дара цо кхайкхориг, даржориг, чІагІдийриг. Цуьнан массо а Дош, вовшашна теш а хІуьттуш, тІе а дузуш, Безам, Марзо, Барт, Бакъ, Къинхетам, Адамалла чІагІйеш ду. Ахьмадан дешнаш тІехь даьккхина, Дагаев Валида дІаолу «Йицъе ма ала» илли вайнехан безаман лирикехь тахана а тоьллачех ду. Оццу могІарехь, тІегІанехь а лаьтташ цуьнан «Батто сагатдо», «Весет», «Дог дохден цІе», «ДоттагІаша олу соьга», «Календаран тІаьххьара лист», и.д.кх. иллеш делахь а. Цхьана поэтан масех илли, халкъо шен долуш санна, дезаш, тІеэцар, шен ларар а – иза поэт Халкъан поэт хилар ду. Цунна и цІе, хьакъ а йолуш, тилла а тиллира, цо иза ша тІаьххьара олучу Дашца а шена йогІуш тиллина хилар чІагІдира. Масех поэзийн гуларийн автор волчу Ахьмада («Ламанан хьостанаш», «Симфония гор», «Цхьа-ши дош») кхечу къаьмнийн гоьбевллачу поэтийн синмукъам, стихийн дІахІоттаман барам-кеп ларйеш, нохчийн матте гочйина. А.С. Пушкинан, М.Ю. Лермонтовн, кхечеран а иттанаш стихаш тахана а гочдаршлахь дикаллин масал а хилла, йоьшуш йу.

Олхазар-КІотарара йуккъерчу ишколан директор ша волуш, дІаболийра Ахьмада Іаламат чІогІа боккха а, мехала а болх: «Нохч-ГІалгІайчоьнан топонимми» цІе йолу. Зорбанехь шозза арабаьлла и болх тахана а Іилманчаша, студенташа, вайн махкарчу меттигийн цІерш муха хилла, муха йу а хаа мел луучо а шех пайдаоьцуш бу. Халкъан кхолламах доьзначу цхьана а дикачу гІуллакхна нацкъарваьлла, лаьттина вац Ахьмад, шен байтехь: «Ма дохковаьлла со, ма дохковаьлла, цкъа ала деззачохь цхьа дош ца аьлла!» – цо бахахь а. Ахьмада ала деззачохь элира дІадаханчу бІешеран 60-чу шерашкахь Москвахь кегийчу къаьмнийн меттанашна лерина дІахьочу конференцехь шен Дош. ЖІайхойн поэта Р. Гамзатовс шен «Ненан мотт» стихотворенехь: «Нагахь сан мотт лийрбелахь кхана, вала кийча ву со тахана», – баьхна, нохчийн поэта Ш. Арсанукаевс «Ненан мотт» стихотворенехь:

Доьзалехь бийцар а
дастам а хеташ,
Хьуо винчу ненан
мотт дІатесна ахь,
«Сов къен бу дешнашна, бац
атта кхеташ», -
Бохуш, и сийсазбан
ца хета эхь…» -
майрра дІахьедина мур бу иза.

«Кегийчу къаьмнийн меттанаш ишколашкара дІадаха деза, уьш хьеха оьшуш дац, шен доьзалехь а, накъосташца а бийцар бен. Кхин мах а, маьІна а доцуш ду кегийчу къаьмнийн меттанаш…», – кхайкхочу, чІагІдечу конференцехь нисса бІостанехьа къамел дан стогалла, доьналла а оьшура. И стогалла а, доьналла а долчу Ахьмада элира: «Кхо хІума ду дуьненчохь даима а цхьаьна хила дезаш, вовшахдаьхча, кхуьй а леш: Даймохккий, Ненан Моттий, Халккъий. Тхо-м – нохчий, гІалгІай – Казахстанехьчул чомехь даа, цигахьчул дезаниг, хазаниг тІедуха ца даьхкиний тхешан махка, цІа, карахькуьйгахь а, тІехь а доццушехь. Тхо цІа оьху: Даймохккий, Ненан Моттий, тхешан Къаммий цхьаьний бен мегаш дацарна».

Дагаоьху, «Ленинан некъ» газетан цІе «Даймохк» цІарца хуьйцучу муьрехь (ХХ-чу бІешеран 80-гІа шераш чекхдовлуш), Ахьмада редакце «Весет ду сан…», аьлла, дайитинчу кехат тІера могІанаш: «Даймахкана хьалха гора лаьттина со дуккхазза. Эхь а ца хеташ! Сайн нанна хьалха гуора лаьттина со дуккхазза. Эхь а ца хеташ! Цо сайна пурба делча бен, гена новкъа а ца ваьлла, дан дагалаьцна доккха гІуллакх дуола а ца дина… Даймохк дагабеъча, вилхина со, эхь а ца хеташ! Даймахках къастийча, къаьстича а вилхина со. Эхь а ца хеташ! Амма ца вилхина, мацвелча а, гІелвелча а, мел боккха сайна эшам хилча а, зен хилча а… «Даймохк», ЙоІбІаьрг санна, ларбелахь вайн ненан мотт! Амма:

«ЦІийца цхьаьний
бІаьрхиш ийна,
Весет ду сан, кхана лахь:
ЦІий хуьйдинчу вайн
Даймахкахь
ЦІий ма Іанадайталахь!
Декъала хуьлда хьо,
«Даймохк»!
Декъала хуьлда хьо,
тхан Даймохк!»

«Даймохк» газетан журналисташа, Ахьмадан «Весетах…» къилба а дина, хьанал а, цІена а дог-ойла йолчу шина адамна йуккъехь Іотбаккхам хинболу дош ца олуш, маслаІате мотт буьйцуш, хьанал-цІена болх бира. Делахь а, цІий а, бІаьрхиш а дІахуьйдира поэтана шен сил а хьоме болчу Даймехкан лаьтто…

ТкъолгІачу бІешеран 90-гІа шераш вайн къоман кхолламехь сихаллин, собаран, эхь-бехкан, оьздангаллин, гІиллакхан, маьттазаллин гураш, бехкамаш, дозанаш цхьаболчу наха дохош, даьхкира. Амал хийцайелла адамийн тобанаш, къинхетаман метта дегнаш чу къизалла а йеана, карзахйевллера. Шайна хетарг, шайна моьттург бен кху Дуьненахь кхин бакъдерг дац, кхин хІумма а дан а дац, кхин хІумма а хила а ца деза моьттучийн тоба йелира Соьлжа-ГІалара майдана. Цкъа а нохчийн маттаца, литературица, историца бала а ца хиллачу цара сийсаза а, маьттаза а доккхура къомо хІинццалц сийлахь мел лийринарг, мел лорург. Дедийне мел долу алсамйуьйлуш йара бехдинчийн а, бехдечу а адамийн цІерш. Цхьана дийнахь майданарчу адамашлахь волчу цхьамма, шимма… тІаккха тобано а мохь бетта болийра: «Сулейманов Ахьмада поэма йазйина… «ЦІен книга» йа Іеса поэма». Цо шен поэмехь бехдо дин, нохчийн халкъ… Цуьнан книга йаго йеза, Ахьмадна таІзар дан деза!», – бохуш. Дуьхххьара мохь тоьхначуьнга хьаьттинера цунна уллехь лаьттачо:

– Бехк ма биллалахь, ахь йешний, хьо кхеттий оцу поэмин чулацамах, авторан Іалашонах? – аьлла.

И хаттар шена хезча, шен цецвалар а лачкъо хьекъал доцчо сихха, амма оьгІазе жоп деллера:

– Йеша-м ца йешна ас, делахь а дуьйцуш хезна-кх суна: и поэма вайна дуьхьал йазйина йу, – бохуш. Цо «вайна», аьлла, къастийначу дашна йукъахь дуккха а нохчий бацара. И дош аьллачунна а хаьара, шайн тоба дукха жима йуйла.

Оцу хенахь, керла маьІна шайна чу а дуьллуш, шийлачу маьхьарца мел баьхна «вай», «уьш», «оха», «цара» бале дирзира. Бакъду, оцу хенахь жоп деллачо, «вайна» ца олуш, «тхуна» аьллехь, и поэма цо ца йешнехь а, бакъдолчунна гергадогІура цуьнан жоп. Йан а йу Ахьмадан поэма шаьш-шайна магийна мехаллаш йолчу, шаьш-шайна кхоьллинчу къилбанашна сужде оьхучу адамийн тобанах, царна дуьхьал, уьш йемалбеш а. Дуьненан, Іаламан а дола шаьш до, ницкъ шайгахь бу моьттучу тобанах… Делан Дашах, цуьнан кхиэлах цакхоьручарах. И тоба, йа ша къаьстина цхьа адам, долуш дуйла хаьара дуккханна а, амма даррехь дІахьедан, дІакхайкхо, уьш йемалбан ца ваьхьара цхьа а, хьекъал, кхетам, дуьнене болу хьежамаш а шайн миска хиларна. Цхьана а адаман, меттиган, мехкан, пачхьалкхан цІе а ца йоккхуш, поэта шен поэмехь боху:

Ва Везан Дела!
Ва Воккха Дела!
Ша вуьзча цамегаверг
меца кхабалахь!
Ша коьрте ваьлча
цамегаверг
Когашкахь латтавелахь!
ГІайвелча цамегаверг
Эшавай латтавелахь!
Ша лакхаваьккхича
Цамегаверг
Лахахь латтавелахь!
Шех эла вича,
нах бале эгийна,
Нах Іазапе эгийна,
Шен леш бан гІоьртаверг
Лен когашкахь латтавелахь!

Адамийн амалш йевзина, шен кхетамца генна хьалха а кхевдина, аьллачу оцу бакъ дешнаша ледачу цІийца ийна бІаьрхиш долу шайн Іалашонаш гучуйаххар хиллера царна цатайнарг, цадезаделларг а.

Поэта шена Іаьткъинарг, ша шен сица лайнарг, кхин садетта собар а ца тоьъна, кехат тІе охьадиллинера. Поэтан довхачу цІийх ийна бІаьрхиш хаало цуьнан хІора а могІанехь, Дашехь. Поэтан деган цІий, мела бІаьрхиш. Шен хьомсарчу, шена дукхадезачу, йоІбІаьрг санна, ша лардечу халкъан бІаьрхиш, цІий ца Іенийта орцахваларна бехкевора поэт. Цуьнан орцахвалар цадезнарш, цадезаделларш бара «меттан охІланаш», «халкъан дешан, мехкан а дай» а хилла, Даймехкан баьрчче охьахуьйшуш, мехкан тезетахь самукъадаьлла а.

Поэта муьлххачу а хенахь, муьлххачу а бІешарахь адамашка хатта хьакъдерг хоьтту йуьхь-дуьхьал, майрра:

– ХІей къонах!
Хьо стенна веана
ХІокху дуьнен чу? – бохуш.

ХІара дуьне хаздар, беркат, зовкхе дахар дебор, Безам, Барт, Тешам чІагІбар шен дахаран Іалашо йолчуьнга жоп долуьйту Поэта:

– Суо меца Іийна а, нах бузо!
Суо верзина Іийна а,
нах буха!
Суо хьогах Іийна а, нах
Чам мерзачу муттанех,
хих Іабо!
Суо дакъазаваьлла а,
Нах декъала хилийта,
Нах ирсе а бина,
нехан ирсех воккхаве,
Суо ирсе хила!
Суо велла а, нах бахийта!
Дуьне, дахар хаздан, даздан!

Иштта ваха нийат динчуьнга, иза декъал а веш,
боху Поэта:

– Декъала хуьлда хьо!
Хьох хьоьгурш,
хьо хьоьгурш декъала хуьлда!
Декъала хуьлда хьан
суьйренаш, хьан Іуьйренаш!
Хьан буьйсанаш,
хьан денош декъала хуьлда!
Хьан ламазаш,
хьан доІанаш декъала хуьлда!
Декъала хуьлда хьо
лела некъаш!

Ша ког мел биллинчохь, ша дош мел аьллачохь цІийн, бІаьрхийн тачанаш дуьтучуьнга, маслаІатан мотт а сацийна, дов, тІом баржочуьнга, бІаьрмецигалла, сутаралла сов а йаьлла, къизаллин таж шен коьрта тиллинчуьнга а хоьтту поэта:

– ХІей стаг,
Хьо стенна веана хІокху дуьнен чу?

Шен къизачу дахаран нийатна тешаме висначо, къизаллин, Іожаллин а байракх адамийн декъашна тІехь лестийча, сапаргІат хуьлучо, самукъадолучо жоп ло:

Нах меца битина а, суо вуза!
Нах берзина битина а,
суо вухавала!
Нах хьогах битина а,
суо хих,
Малрах, синкъерамех Іаба!
Нах гІелбина а,
суо гІайвала, туола!
Нах охьатаІийна а,
суо лакхавала!
Нах бале эгийна а,
суо зовкхехь ваха!
Берриг нах хІаллакбина а,
суо ваха!

Ахьмада шен поэмехь аьлларг майрра, Іалашо а лаьцна, аьлла Дош дара. Цуьнан Дош, дахкарлахь кхоьссина топ санна, Іалашоне а ца кхочуш, дайна дІа-м муххале а ца делира, мелхо а цхьаболчийн дегнаш Іорадехира, йаххьаш ма-йарра гучуйехира, кирхьанна тІехьа а, туьтмІаьжигашца а къайлайаьхна хилла йолу.

Иза дара цхьаболчарна, са боьхачарна, дахаран Іалашонаш боьха мел йолучарна Іаьткъинарг, цара, дера чов санна, тІелаьцнарг, чІире а дерзийна, кхайкхориг. «Хьан хьекъал хІунда кхаьчна, хьан кхетам хІунда бу?» – бохуш, бехк боккхуш, поэте хоьттург. Стеган хьекъал, кхетам, сий а хилар цуьнан бехк лору, бартхаттар а доцуш, дага мел деанчо а кхиэл йо мур бара дІаболалуш…

Хьо стенна веана хІокху дуьнен чу? – аьлла, шега хаьттича:

– Со, иллин паччахь хила веана дуьнен чу!
– Со, пондаран паччахь хила веана дуьнен чу! –

аьлла, жоп делларг, кхечу дарже са цатуьйсург вара «халкъан, мехкан, Делан а мостагІ» вина, кхайкхош. Эхь-бехкан, Іадатийн, ламастийн, кхетаман, иэсан, меттан а Іу-дай сийсазбича, духу халкъ, лард иккхича, охьахаьрца бІов санна. Къоман синмехаллаш, меттан жовхІарш, хазнаш, къоман иэс лардинарш бара хьалхарчу рогІехь бехбан Іалашоне лаьцнарш.

Ахьмад санна къонахий бу, цо шен «Шуьнехь дош» стихотворенехь ма-аллара, шайн белшаш тІехь Дуьне латтораш, шен халкъан диканна а, вонна а гуттар а сема лаьттарш.

Поэта шена хІумма а ца доьхура: йа хьал, йа дарж, йа сий-ларам. Сий-лараме иза кхаьчнера, ткъа хьал-бахаме, дарже кхийдар цуьнан амалца, цІийца а дацара. Амал а, йуьхь а хийца йеза хІума шегара ца долуьйтуш, корта айббина, хІора а нохчичун ков-керт, кхерч а гергара хеташ, гездира цо дахаран некъаш, шен Даймахках, Халкъах а, Тешамах, ДоттагІаллах а, мохь тухуш, илли а дІа а олуш:

Лойша суна, аш ирс лойша,
Дуьненнал ирс суна ло!
Сайна пайда цунах ца беш,
Шуна ас иза дІалур ду!

Цуьнан дахаран къилба а, нийат а, весет а хилла дуккха а иллеш тахана а дека, сингаттаман, гІайгІанан а марчоно йукъахьарчийна Нана-Нохчийчоь, нохчийн халкъ а Хазалле, Дикалле, Адамалле, Барте, Марзоне кхойкхуш.

Ахьмадан иллеш, эшарш, Дош а халкъалахь дехаш долу дела ву иза халкъан Поэт. Иштттачу адамийн Даше наггахь мукъане а вай ладугІуш делахьара, мелла а кІезиг хир дара вайн дахарехь сингаттаме денош. Ахьмадах ала леринарг дерзо лаьа суна халкъан йаздархочун Айдамиров Абузаран дешнашца: «Сулейманов Ахьмад хьекъале, оьзда стаг а, воккха хьехархо а, поэт а вара. Цунна Іаламат дика девзара халкъан дахар, нохчийн халкъан гІиллакхаш, ламасташ, шира дийцарш, кицанаш. Нохчийн мотт хаза а, говза а буьйцура цо. Цунна хуург сайна хууш хиллехьара, и айса йазйина книгаш бІозза дика йазйина хир йара ас».

*Сумбулатов Дени*

ХАФИЗЫ – НАША ГОРДОСТЬ

# В ГОРОДЕ АРГУНЕ ЧЕСТВОВАЛИ ВЫПУСКНИКОВ МЕДРЕСЕ

Основным звеном системы мусульманского просвещения является образовательная деятельность, проводимая на уровне мечети. Ведь именно в мечеть приходят люди, стремящиеся получить информацию об Исламе. Обучение Исламу при мечетях проходит в разных формах - это курсы арабской графики, курсы Корана, есть мечети, при которых образованы медресе и т.д.

Двадцать первого августа текущего года в мечети имени Аймани Кадыровой города Аргунатсостоялась торжественная церемония вручения Свидетельства об окончании курсов по чтению Священного Корана воспитанникам примечетских медресе городского округа город Аргуна. Мероприятие было приурочено к 73-й годовщине со дня рождения Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова.

Первый Президент ЧР, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров был глубоко верующим, известным религиозным деятелем, мудрым политиком и мужественным человеком. Непоколебимая вера во Всевышнего Аллаха, глубокое знание Священного Корана и сунны Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) помогли Ахмату-Хаджи Кадырову собрать под знаменем справедливости тысячи отважных сынов чеченского народа. Его лозунгом были известные сегодня во всем мире слова: «Пусть восторжествует справедливость!». Он сделал все для того, чтобы остановить войну, сохранить народ, начать процесс восстановления мира и стабильности в Чеченской Республике. Он отдал свою жизнь в борьбе с коварными врагами Ислама, чеченского народа и всей России.

Его благие дела сегодня продолжает Глава ЧР, Герой России Рамзан Ахматович Кадыров.

Свидетельство получили 1800 воспитанников разных возрастов. Срок обучения один год. Они обучались в мечетях города Аргуна, сел Чечен-Аул, Бердыкель и поселка Примыкание.

В церемонии приняли участие Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев, мэр города Аргуна Илес Масаев, кадий города Аргуна Юнус-Хаджи Доскаев, наставники медресе, имамы, родители младших воспитанников.

Выпускники Хеда Ханакаева, Раяна Джабраилова и Шемиль-Хаджи Бисаев украсили мероприятие чтением сур Священного Корана.



Салах-Хаджи сердечно приветствовал всех выпускников и дал им ряд наставлений. Он посоветовал не переставать получать знания на протяжении всей жизни, продолжать впитывать новые знания раз за разом, становясь достойным примером для мусульман. Он отметил, что самый первый аят и веление Всевышнего Аллаха было: «Читай!». Это свидетельствует о значимости получения знаний.

По словам Салаха-Хаджи, в наше время, когда есть условия для получения знаний, мы обязаны неустанно воздавать хвалу Всевышнему Аллаху и использовать эти возможности. В своей речи Салах-Хаджи привел слова исламского богослова и знатока хадисов, предшественника суфизма Хасана аль-Басри (да смилуется над ним Аллах) (642–728), который перечислил причины упадка религии: «Люди не действуют в соответствии со знаниями, а действуют в соответствии с тем, о чем у них совершенно нет знаний. И не получают знания, чтобы устранить то, чего не знают. А так же мешают людям получать знания».

Завершая свое выступление Салах-Хаджи сказал: «Пусть Аллах дарует вам всем возможность трудиться на пути знаний. Всегда помните о том, что при призыве людей особое место занимает личный пример».

Выпускников поздравил кадий города Аргуна Юнус-Хаджи Доскаев. Он отметил высокий уровень их знаний, серьезную подготовку. Призвал их не останавливаться на пути усвоения и распространения знаний. Юнус-Хаджи подчеркнул важность изучения и соблюдения сунны Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), поздравил преподавателей и выпускников с долгожданным событием. «Священный Коран является тем светом, который ведёт нас по жизни, помогая нам совершать благие дела и поступки. Вспомнив свои обязанности перед Всевышним Аллахом, вы встали на путь получения знаний. Пусть Всевышний Аллах воздаст вам добром и наградой в жизни земной и будущей!», - сказал Юнус-Хаджи.





В свою очередь выпускники медресе поблагодарили преподавателей за их труд и усердие.

В этот день за систематическое посещение занятий по изучению Священного Корана со всеми правилами таджвида и произношения, активное участие в жизни медресе и добросовестное отношение к учебе Почетной грамотой награждены десятки выпускников.

Единый Создатель даровал нам Веру, религию Ислам и дал нам разум, чтобы отличить истину от заблуждения. Знания – это особенность человека, отличающая его от других творений Аллаха. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Знание – это душа Ислама и опора религии».

Мусульмане знают, что сам Всевышний Аллах приказывает и призывает относиться с уважением и почтением к Священной Книге Ислама, ведь она является истинным руководством для верующих. Славный сподвижник Абдаллах ибн Масуд поведал о том, что если человек возлюбил Коран и часто читает его, то Аллах и Его Посланник (да благословит его Аллах и приветствует) обязательно возлюбят его.

Церемония завершилась общей фотографией и коллективной мольбой под руководством Муфтия ЧР Салаха-Хаджи Межиева.

***Султан Атабаев***
***Фото автора***

# ШЕСТЬ УЛОВОК ШАЙТАНА, НА КОТОРЫЕ МЫ ПОПАДАЕМСЯ ЧУТЬ ЛИ НЕ КАЖДЫЙ ДЕНЬ

Одной из основных задач каждого мусульманина является необходимость уберечь себя и свою семью от шайтана и его тлетворного влияния. С тех пор как шайтан был изгнан из рая за то, что ослушался велений Всевышнего, он поклялся сделать всё возможное, чтобы ввести в заблуждение всех людей.

Перед нами, как перед мусульманами, стоит одна из важных каждодневных задач – отдалить себя от выходок шайтана. Это дело не одного дня, а на протяжении всей нашей мирской жизни. Поэтому вот вам несколько советов, следование которым поможет вам уберечься от шайтана.

**1. УТРЕННИЕ И ВЕЧЕРНИЕ ДУА**

Если и есть ежедневное оружие против шайтана, которое нам дано, то это – дуа - молитвы, совершение и произнесение которых каждое утро является гарантированной защитой.

Айша (да будет доволен ею Аллах) рассказывала, что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует), когда болел, читал самому себе суры «Рассвет» (аль-Фаляк) и «Люди» (ан-Нас), сплевывая, а когда усиливалась его боль, она читала за него и, взяв его руку, потирала ею, надеясь на благодать. Эти суры Священного Корана лишь малая часть того, что мы можем читать каждый день в утренние и вечерние часы, чтобы отвратить присутствие дьявола от нашей жизни.

2. Благородный Коран

В хадисе, переданном Абу Хурайрой (да будет доволен им Аллах), Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Не делайте ваши дома кладбищами. Сатана убегает из дома, в котором читается сура «аль-Бакара» (хадис передал Муслим).

**3. БЛАГОЙ НРАВ**

Иногда самые незначительные вещи, которые мы делаем, приближают к нам шайтана. Каждое наше действие мы должны начинать с имени Всевышнего Создателя, даже выход из дома. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Тому, кто говорит (выходя из своего дома): «Бисмиллях, таваккалту ‘алаллах, ва ла хаула ва ла куввата илля биллях (я начинаю с имени Аллаха; я уповаю на Аллаха; нет изменения условий, кроме как силой Аллаха)», будет сказано: «Ты ведомый и защищённый». Дьявол не приблизится к тебе».

Всякий раз, когда вы входите в свой дом или начинаете трапезу, начинайте с имени Аллаха и ищите убежища от шайтана, потому что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Когда человек входит в свой дом и упоминает имя Аллаха при входе и перед приёмом пищи, дьявол говорит: «У вас нет места для ночёвки и нет вечерней трапезы». Но когда он входит, не упоминая имени Аллаха при входе, дьявол говорит: «Вы нашли место для ночёвки», и когда он не упоминает имени Аллаха при трапезе, он говорит: «Вы нашли место для ночёвки и вечерней трапезы» (хадис передал Абу Давуд).

**4. МАНЕРА РЕЧИ**

Бывали ли в вашей жизни такие моменты, когда вы говорили кому-либо не очень лицеприятные вещи, а потом жалели об этом? Что бы ни случилось, что бы не послужило причиной такого поведения, помните, что одним из инструментов шайтана, чтобы посеять семена раздора между нами, является наша речь.

Даже если мы иногда можем оправдать свою манеру общения с другими людьми их поступками, важно помнить, что хорошая речь – это черта характера хорошего мусульманина. Следите за своим языком и своим характером, ищите убежища от шайтана и сохраняйте мир внутри и вокруг себя.

**5. ЗИКР**

Чтение Корана и совершение зикра являются хорошим противоядием от многих зол, с которыми мы сталкиваемся ежедневно. Зикр также служит другой цели: он удерживает шайтанов от нас. Везде, где упоминается имя Аллаха, шайтану становится некомфортно.

**6. ФАДЖР**

Реальность нашей жизни такова, что многие люди изо всех сил пытаются проснуться для утренней молитвы в нужное время. «При Пророке было сказано, что человек спал ночь до восхода солнца. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Это человек, в чьи уши справил нужду сатана» (хадис передал аль-Бухари).

Наша неспособность проснуться для Фаджра в нужное время – это влияние шайтана, и нам нужно каждый день прилагать сознательные усилия, чтобы бороться с ним.

***«Ислам сегодня»***



**ДӀахьош ду «Исламан зӀаьнарш» газете йазвалар!**
**33 шо дӀадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зӀаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Іедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХӀетахь дуьйна газетан агӀонаш тӀехь оха зорбатуху Іеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гӀиллакхаш, Іадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зӀаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 11.09.2024 г. 15:00. Подписано в печать: 11.09.2024 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

**16+**

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!